Научная статья

УДК 821.352.3 (092)
ББК 83. 002. 1 +83.3-(2Рос.Чер).
Б 19

DOI: 10.53598/2410-3489-2022-4-307-32-37

Традиции и новаторство в творчестве Мухамеда Добагова (Дэбагъуэ Мухьэмэд и творчествэм къыщыгъэсэбэпа ІэмалыщІэхэр)

(Рецензирована)

Хангери Ильясович Баков
Институт гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук, Нальчик, Россия, kbigi@mail.ru

Аннотация:
В статье рассматривается творчество Добагова Мухамеда Калабековича (1941–2009), внесшего значительный вклад в развитие черкесской литературы. О нем опубликованы в основном газетные и журнальные статьи при полном отсутствии академических исследований. Цель – восполнить этот пробел в национальном литературоведении. Во вводной части говорится, что его заслуги наиболее очевидны в драматургии, хотя им опубликованы рассказы, очерки, повести; популярны песни на слова поэта. Исследование в основном опирается на материалы драм, комедий, созданных на современную тематику. Работа строится на методике выявления способов обогащения драматургом традиций новыми композиционными, сюжетными, изобразительно-выразительными и сценическими средствами. В рамках заявленной проблемы также рассмотрена проза писателя (некоторые рассказы и повесть «Осень Псинадахи» о детях Ленинграда, спасенных в черкесском ауле во время Великой Отечественной войны), а также его переводческая деятельность. В заключении подведены итоги наблюдения за многогранным творчеством писателя и предложены некоторые рекомендации о наиболее полном введении произведений М. Добагова в практику школ и вузов, в которых преподается адыгская словесность. Определено место М. Добагова в адыгском литературном процессе.

Ключевые слова: Мухамед Добагов, поэт, писатель, драматург, комедия-водевиль, пьеса, новаторство, тематика, повесть, модификация, сказка

Для цитирования: Баков Х. И. Традиции и новаторство в творчестве Мухамеда Добагова (Дэбагъуэ Мухьэмэд и творчествэм къыщыгъэсэбэпа ІэмалыщІэхэр) // Вестник Адыгейского государственного университета. Сер.: Филология и искусствоведение, 2022. Вып. 4 (307). С.32-37. DOI: 10.53598/2410-3489-2022-4-307-32-37

Original Research Paper

Traditions and innovation in the work of Mukhamed Dobagov

Khangeri I. Bakov
Institute for Humanitarian Research of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences, Nalchik, Russia, kbigi@mail.ru

Abstract:
The article deals with the work of Dobagov Mukhamed Kalabekovich (1941–2009), who made a significant contribution to the development of Circassian literature. Mostly newspaper and magazine articles have been published about him, with a complete lack of academic research. The purpose of the article is to fill this gap in national literary criticism. The introductory part says that his merits are most obvious in dramaturgy, although he published stories, essays, novels; popular songs on the words of the poet. The study is mainly based on the materials of dramas, comedies created on modern topics. The article is based on the method of revealing the ways of enriching traditions by the playwright with new compositional, plot, figurative-expressive and stage means. Within the framework of the stated problem, the writer's prose (some stories and the story "Autumn of Psinadakh" about the children of Leningrad, rescued in the Circassian village during the Great Patriotic War), as well as his translation activities, are also considered. At the end of the article, the results of the observation of the multifaceted work of the writer are summed up and some recommendations are offered on the most complete introduction of the works of M. Dobagov into the practice of schools and universities where Adyghe literature is taught. The place of M. Dobagov in the Adyghe literary process is determined.

Keywords: Mukhamed Dobagov, poet, writer, playwright, vaudeville comedy, play, innovation, themes, story, modification, fairy tale

For citation: Bakov Kh.I. Traditions and innovation in the work of Mukhamed Dobagov // Bulletin of Adyghe State University, Series: Philology and Art Criticism, 2022. No.4 (307). P.32-37. DOI: 10.53598/2410-3489-2022-4-307-32-37

Хэзыгъэгъуфзэ.
Адыгэ литературэм гъуэгуанэ гугъусыгъу къикIуащ. «1970–1990 гъэхэм къриубыдэу гъащIэми, литературэми зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ, языныкъуэхэм деж гурымыхьыр щебэкIи хэлъыну. Ауэ итIанэми ар ди дежкIэ лъэпкъ литературэм и зыузэщIыгъуэу къыщIэкIащ. Ар къызыхэкIар, дауи, езы къэралыр къызэрытIэсхъаракъым. ЗэрыжытIащи, мы илъэсхэм къриубыдэу тхакIуэ-усакIуэхэм я бжыгъэм фIыуэ хэхъуащ. Абы кърикIуащ лъэпкъ тхакIуэхэр – япэм апхуэдэ къэмыхъуауэ – я ныбжькIэ гупышхуищу, ауэ зы IэнатIэ зэдыпэрыт зэрыхъуар. Хэку зауэшхуэм ипэкIэ е 1940 гъэхэм тхэн къэзыублауэ щытахэр я ныбжькIэ нэхъыжьыгъуэ ихуат, ауэ иджыри лъэпкъ гъащIэм хуэлажьэхэрт (Теунэ Хь., Шортэн А., КIыщокъуэ А., Уэхъутэ А., Гъуэщокъуэ Хъу., ЩоджэнцIыкIу I., Хьэнфэн А., Къардэн Б., Нало А. сымэ, н.). Абыхэм я лъэужьыр яхурт зи ныбжькIэ курыту, зи къару илъыгъуэр имыкIауэ, абы щыгъуэми зи зэфIэкIыр куэд щIауэ нэрылъагъухэр (Къэрмокъуэ М., Нало З., Балъкъэр Ф., Мысачэ П., Кхъэхъу Ц., Хъупсырокъуэ Хъ., АбытIэ В., Тхьэгъэзит З., Гъубжокъуэ Л., МафIэдз С., Къэжэр П., Шэрджэс А., Хьэх С., Журт Б., КIэрэф М. сымэ, н.ку.). ЖыхуэтIэ зэманым къриубыдэу утыку къихьахэу, абы щыгъуми, зи цIэр фIыкIэ Iууэ лъэпкъ литературэм дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ хэлъхьэныгъэ ящIыну хущIыхьахэр ещанэ гупу къыхокIыр (IутIыж Б., Бещтокъуэ Хь., Бемырзэ М., Дыгъужь Къу., АбытIэ Хъ., Шорэ А., Дэбагъуэ М. сымэ зыхэт гупышхуэр); зэкIэ къэунэхуагъащIэу, ауэ адыгэ литературэм и къэкIуэным фIыкIэ ущызыгъэгугъхэу тхакIуэусакIуэ щIалэхэр (Мыкъуэжь А., Мыз А., Къанкъул З., Къаныкъуэ З., ХьэIупщы М., Бэлагъы Л., МахуэлI Н., ПщыукI Л., Лъостэн

М., Тхьэгъэпсэу У., Мыжей М. сымэ, нэгъуэщIхэри) [1: 14–15].

Къэхутэныгъэм къэм кърыкIуар. Дэбагъуэ Мухьэмэд Къэлэбэч и къуэр (1941–2009) Жьакуэ (пасэм Алъэсчырей) къуажэм къыщалъхуащ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутыр къиуха нэужь «Черкес хэку» газетым куэдрэ щылэжьащ (иужьрей илъэсхэм абы и редактор нэхъыщхьэу). Абы лъэужьышхуэ къыхинащ адыгэ литературэм, псом хуэмыдэу драматургием. Адыгэ энциклопедием зэритхымкIэ, абы «и пьесэхэр щагъэуващ Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдейм, Осетием, Дагъыстаным я театрхэм» [2: 937]. Мухьэмэд и усэхэм къытращIыкIа уэрэд зыбжанэ цIэрыIуэ хъуахэщ («Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», «Си дунейр къысхуэгъэунэху», «Ар лъагъуныгъэ», «Си дахэр», «Хьэбэч Умар», н.). Журналисту зэрылэжьам тхакIуэм и адыгэбзэр нэхъ бей ищIащ, сюжет зэхэлъхьэкIэм хуигъэсащ. Гу лъытапхъэщ адыгэ литературэми, адрей литературэ щIалэхэми я къежьапIэр ди газетхэрщ, 20 – 30 гъэхэм тхакIуэ хъуахэм я нэхъыбэр журналистхэщ. Абы я очеркхэм литературэм и рассказхэр, повестхэр къатехъукIауэ къыщIэкIынщ.

Дэбагъуэ М. Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми шIыхь зиIэ я журналистщ, Урысейм и журналистхэми тхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтащ. «Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэри къилэжьащ. Iуэху куэдым хуэIэижьу зэрыщытар, щIэныгъэ куу зэриIар къыхощыр и творчествэм, езым и еплъыкIэ зэриIэм. Тхэн щыщIидзам абы фIыуэ ищIэт адыгэ IуэрыIуатэр, ар хъумэным и къару хилъхьэрт. Куэдым ящIэжкъым адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ «Нарт» ансамблыр зэхэзышар Дэбагъуэр арауэ зэрыщытар. Ар къызэгъэпэщыным имызакъуэу Мухьэмэд солисту, ансамблым и унафэщIу щытащ. Арагъэнщ Дэбагъуэм иужькIэ езым уэрэд хъарзынэхэр итхыным къыхуэзыгъэушар. Уэрэдым зэрыдихьэхыр къыщигъэсэбэпащ Мухьэмэд и комедиехэми. Шэрджэс драматургием абы япэу хигъэхьащ комедиеводевиль жанрыр. Апхуэдэщ «Аращ лIы зэрыдэкIуэр» зыфIищар. Мыбы хэтщ къафи, уэрэдхэри, абыхэм я нэхъыбэр зытхар езы Мухьэмэдщ. А IэмалыщIэхэр хэтщ нэгъуэщI комедиехэми, абы щIэщыгъуэ ещIыр я теплъэгъуэр, я сюжетыр.

Сыт хуэдэ Iуэху пэрыувами, Дэбагъуэ М. абы щIэ гуэр хилъхьэрт, къызэгъэпэщакIуэхэм жыджэру яхэтт. Ар щынэрылъагъущ шэрджэс драмэ театрым хуилэжьахэм. ЩIэуэ 1972 гъэм зэфIагъува шэрджэс театрым Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ режиссер Абдокъуэ Маталиорэ я къаруушхуэ халъхьащ. Абы щылэжьэну адыгэ труппэ щагъэхьэзырат Ленинград дэт театр институтым (режиссерми аращ къиухар). Дэбагъуэмрэ Абдокъуэмрэ зэгъусэу ятхащ, ягъэуващ пьесэ зытIущ: Уэхъутэ А. и «Асият и мывэ» повестымрэ ТхьэицIыху Б. и «Горсть земли» романымрэ къатещIыкIахэу. ИужькIэ Дэбагъуэм езым и закъуэу итхахэщ комедие, драмэ зыбжанэ: «Иныжьым и нэ», «ФIы зыщIэ щIегъуэжыркъым», «КIапэ нэхърэ напэ е нысэтын», «ГъущIыпсэ», «Дыгъур гъуэмбым йохуэ». ПьеситIыр адыгэ IуэрыIуатэм епхащ. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ драматургым IуэрыIуатэр къызэригъэсэбэпым щIэуэ зыгуэрхэр зэрыхэтыр, ар иджырей зэманым зэрепхар. Дэбагъуэм и «Анэр нэм хуэдэщ» жыхуиIэ драмэр зэрыщыту хагъэхьащ Адыгэ литературэм и учебникым [3: 310–345].

Дэбагъуэм тхыгъэхэм къыщыгъэсэбэпа бзэр къулейщ, шэрыуэщ, ахэр гъэнщIащ псалъэжьхэмкIэ (языныкъуэм я фIэщыгъэцIэри псалъэжьхэщ), фразеологиехэмкIэ. ТхакIуэм и IэзагъымI и щыхьэтщ и тхыгъэхэм хэт зэгъэпщэныгъэхэр, эпитетхэр, метафорэхэр зэрыщIэщыгъуэхэр, сюжет хьэлэмэткIэ зэрыгъэнщIахэр.

лъэпкъым и гупсысэкIэмрэ езы тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэмрэ щызэдолажьэ и тхыгъэхэм деж. Зэман зытетхыхьым и нэпкъыжьэ дыболъагъур и тхыгъэхэм, арагъэнщ дэтхэнэ тхакIуэми и къалэн нэхъыщхьэр.

Критикэм къызэрилъытэмкIэ «Анэр нэм хуэдэщ» драмэр «Дэбагъуэм и пьесэ нэхъыфIхэм щыщщ» [4: 285]. Мыбы и темэр иджырей гъащIэм къыхэщаш. Iуэхур щекIуэкIыр Черкесск къалэрщ, абы Сачинэт и бынунагъуэ хъуахэр къэIэпхъуащ езыр къуажэм къыдэнэри. Драмэм хэт персонажхэр мащIэщ: Езы Сачинэт, и къуэ нэхъыжь Мамыху, Мамыху и щхьэгъусэ Хужьэ, Сачинэт и пщыкъуэ нэхъыжь Мурид, и нысэ Зое. Драмэм и конфликтыр зыпыщIар Сачинэт и нысэ, и къуэ нэхъыжь Мамыху и щхьэгъусэ Хужьэщ. Хужьэ пцIыIуэпцIышэщ, и лэжьэгъухэри къегъапцIэ, и унагъуэм дежи зыри игъэпэжыркъым, нэпсейщ, фыгъуэнэдщ. И гуащэр игъэтыншыну жеIэри, къуажэм дэт унэр ирегъэщэжыр, езыри зэрешэлIэжыр, унэ уасэр къыIэщIигъэкIын и мураду. Сачинэт и унэм щIригъатхъэркъым. И щхьэгъусэ Мамыху абы къегъапцIэри Сачинэт жраIэр Мамыху и лэжьапIэр ревизие къащIри сом минитху ипшыныжын хуейуэ. Унагъуэр бэлыхь хохуэ, ауэ нысэ нэхъыщIэ Зое телефонкIэ къещIэ ревизиер хъарзынэу зэрызэфIэкIар. Хужьэр и нысэгъум фIонэ, щыкъуанэм и щыгъынхэри къыщIедз. Зое Сачинэтыр зэрешэлIэж.

А псом иужькIи Сачинэт зыми и жагъуэ хуэщIыркъым, унэм къыщIэкIа ахъшэр и ныситIым зэхуэдизу яхуегуэш. Зое и Iыхьэр зыкIи иримыкъуж Хужьэ Iейм хрегъалъхьэ: «Мыхэр ахъшэ нэхъ хуэныкъуэу къыщIэкIынщ» [3: 344], – жеIэри. Сачинэтрэ Зоерэ щIокIыж, Мамыхурэ Хужьэрэ я пIэм ижыхьауэ къонэ. «Анэр нэм хуэдэщ» уэрэдыр къоIу, абы дежьуурэ Хужьэ ахъшэр ебж, и щхьэгъусэм и щхьэр фIэхуауэ щысщ. АбыкIэ пьесэр еух.

Анэм и образыр драматургым Iэзагъ хэлъу къигъэлъэгъуащ. Ар адыгэм и хьэл нэхъыфIхэр зыхэлъ бзылъхугъэщ, гъащIэм и пэжымрэ тхакIуэм и еплъыкIэмрэ щызэпэгъунэгъу образщ, аращ фIэщхъуныгъэ щIыхэлъыр. Дэбагъуэм драмэм и конфликтыр къыщыхихым а зэманым тхыгъэхэр жылагъуэ Iуэхухэм имызакъуэу унагъуэ къызэрыгуэкIхэми щытраухуэ хъуат. Абы гу лъатащ литературэджхэу Пэнэф Увжыкъуэрэ Соколовэ Галинэрэ: «Зауэ нэужь литературэм щызэфIэгъэува образхэм жылагъуэм, ирахьэкI лэжьыгъэ IэнатIэм нэмыщI къызэрыгуэкI гъащIэми, зыхэпсэукI унагъуэми я нэпкъыжьэ ятелъщ» [5: 143].

Дэбагъуэ М. Шэрджэс театрым и репертуарым илъэс куэдкIэ телэжьащ. Езым итха пьесэхэм имызакъуэу абы урыс, нэгъуэщI лъэпкъ драматургхэм ятха пьесэ 12 адыгэбзэкIэ зэридзэкIри театрым щагъэуващ.

Дэбагъуэм творчествэр къызэрыщIидзар очеркхэмкIэщ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ рассказхэр, ахэр 60-гъэхэм газетхэм къытехуэу щытащ. А тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ «ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» тхылъ щхьэхуэ 1972 гъэм къыдэкIащ. Абыхэм наIуэ къащIащ тхакIуэм образ хъарзынэхэр зэриухуэр, пейзаж гъэщIэгъуэн уи нэгу къызэрыщIигъэувэфыр.

«Псынэдахэ и бжьыхьэ» (1979) етIуанэ тхылъым ихуащ зы повестрэ рассказ 11-рэ. Тхылъым фIэщыгъэцIэ езыта повестым тхакIуэм сюжет хьэлэмэт щиухуащ. Адыгэ къуажэм дэс Мэхьмудрэ Сэрейрэ къуитI яIэщ: Хьэмид езым къалъхуащ, Володя сабийуэ къуэ ящIащ. Володя фыз къишауэ Мэхьмуд зауэм щыгъуэ къыдэзэуа, къуэш пэлъытэ къыхуэхъуа урыс щIалэр кърагъэблагъэ. Ар къокIуэ щхьэгъусэр и гъусэу. ХьэгъуэлIыгъуэм деж IупщI мэхъу Володя а тIум я къуэу зэрыщытыр (Мэхьмудрэ Сэрейрэ Володя зауэм щыгъуэ Ленинград къраша сабийхэм щыщу япIыжат). Зы гуфIэгъуэр гуфIэгъуитI мэхъу. Володя зыпIыжахэм я деж къонэ,

къэзылъхуахэр Ленинград мэкIуэж, ауэ унангъуитIри иужькIэ зэрыгъэхамэкъым, зэкIэлъокIуэ, фIыуэ зэролъагъур.

Зауэм теухуауэ «ЕкIуэкIт зауэр» рассказ хьэлэмэтри и Iэдакъэ къыщIэкIащ Дэбагъуэм. Абы и мащIэкъым гушыIэ рассказхэри, миниатюрэхэри, сабий усэхэри.

ИкIэм деж къызэщIэткъуэжмэ, жыIэпхъэщ Дэбагъуэ Мухьэмэд журналистикэми, драматургиеми, прозэми лъэужьышхуэ къызэрыхинар [6: 308]. Ауэ абы и творчествэм теухуа статьяхэр къызытехуахэр газетхэмрэ журналхэмрэщ. Ар мащIэщ, абы къилэжьащ щIэныгъэ академием и Iэмалхэм тету и IэдакъэщIэкIхэр джыныр, къэхутэныр. И IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж курыт еджапIэ, университетхэм нэхъыбэу хэгъэхьэн хуейщ. Дэбагъуэ М. нобэрей тхакIуэ щIэблэм и хъэтIыр зэфIэувэнымкIэ зи тхыгъэхэр щапхъэ хъуахэм ящыщщ [Еплъ.: 7: 101–112; 8: 13–24; 9: 182–195; 10: 275–355].

Примечания:

1. Гутов А.М. Литература в условиях трансформаций = ЗэхъуэкIыныгъэхэмрэ литературэмрэ // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Нальчик, 2013. Т. II. С. 3-17.

2. Адыгская (Черкесская) энциклопедия. Москва: Фонд им. Б.Х. Акбашева, 2006. 1247 с.

3. Добагов М. Мать подобна глазам = Анэр нэм хуэдэщ // Адыгская литература для 11 класса. Черкесск, 1997. С. 310-345.

4. Шакова М.К. Адыгская драматургия: вчера, сегодня, завтра = Адыгэ драматургие: дыгъуасэ, нобэ, пщэдей // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Нальчик, 2013. Т. II. С. 267-297.

5. Панеш У.М., Соколова Г.В. Об особенностях формирования общеадыгской прозы современную тему второй половины 40-х – начала 50-х гг. // Вестник Адыгейского государственного университета. Сер.: Филология и искусствоведение. 2019. Вып. 1 (232). С. 140-144.

6. Баков Х.И. Добагов Мухамед Калабекович // Адыгские (адыгейские, кабардинские, черкесские, черкесского зарубежья) писатели XIX–XXI вв. Биобиблиографический словарь: в 3т. Т. I: А–И. Нальчик: Принт Центр, 2021. С. 304-308.

7. Хавжокова Л.Б. Этюды об адыгских (кабардинской, черкесской, адыгейской) литературах: сб. науч. ст. Нальчик: Издат. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2018. 270 с.

8. Баков Х.И. Время и художественный мир этноса = Зэманымрэ лъэпкъ художественнэ дуней лъагъукIэмрэ] // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Нальчик, 2021. Т. III. С. 13-24.

9. Шакова М.К. Кабардино-черкесская комедиография = Къэбэрдей-шэрджэс комедиографиер // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Нальчик, 2021. Т. III. С. 182-195.

10. Баков Х.И. Жанры юмора и сатиры = ГушыIэ, ауан жанрхэр] // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Нальчик, 2021. Т. III. С. 275-355.

References:

1. Gutov A.M. Literature in the conditions of transformations // History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Nalchik, 2013. Vol. II. P. 3-17.

2. Adyghe (Circassian) Encyclopedia. M.: Fund named by B.H. Akbashev, 2006. 1247 pp.

3. Dobagov M. Mother is like eyes // Adyghe literature for grade 11. Cherkessk, 1997. P. 310-345.

4. Shakova M.K. Adyghe dramaturgy: yesterday, today, tomorrow // History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Nalchik, 2013. Vol. II. P. 267-297.

5. Panesh U.M., Sokolova G.V. On features of formation of the general Adyghe modern prose of the second half of the 40s – early 50s. // Bulletin of the Adyghe State University. Series 2: Philology and the Arts. 2019. No. 1(232). P. 140-144.

6. Bakov Kh.I. Dobagov Mukhamed Kalabekovich // Adyghe (Adyghe, Kabardian, Circassian, Circassian abroad) writers of the 19th–21st centuries. Biobibliographic dictionary. In 3 vols. Vol. I: A–I. Nalchik: Print Center Publishing House, 2021. P. 304-308.

7. Khavzhokova L.B. Etudes on Adyghe (Kabardian, Circassian, Adyghe) Literature: Collection of Scientific Articles. Nalchik: Publishing Department of IGI KBNTs RAS, 2018. 270 pp.

8. Bakov Kh.I. Time and the artistic world of the ethnos // History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Nalchik, 2021. Vol. III. P. 13-24.

9. Shakova M.K. Kabardino-Circassian comediography // History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Nalchik, 2021. Vol. III. P. 182-195.

10. Bakov Kh.I. Genres of humor and satire // History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Nalchik, 2021. Vol. III. P. 275-355.

Статья поступила в редакцию 11.10.2022; одобрена после рецензирования 23.11.2022; принята к публикации 25.12.2022.

The paper was submitted 11.10.2022; approved after reviewing 23.11.2022; accepted for publication 25.12.2022.

© Х. И. Баков, 2022